



## Deklarasyon Anplwaye ak Aplikasyon pou Ajan Sekirite

Li TOUT enstwi syon yo avèk anpil atansyon anvan ou ranpli aplikasyon an. N ap retounen aplikasyon ki pa fin ranpli yo. Si ou manke bay nenpòt enfòmasyon, si ou bay enfòmasyon ki pa egzat oswa si ou pa bay tout enfòmasyon yo, nou ka konsidere sa kòm rezon ki ase pou refize yon anrejistreman, oswa sa ka lakòz nou sispann oswa anile yon anrejistreman nou te ba ou deja.

**EGZIJANS POU FÈ ANPRENT DIJITAL:** Moun ki aplike yo gen aksè nan anprent dijital elektwonik avèk IdentoGo nan MorphoTrust USA.

### Metòd pou Fè Anprent Dijital Elektwonik:

Pran yon Randevou: Moun ki aplike yo dwe pran randevou yo avèk IdentoGo nan MorphoTrust USA. Pou pran yon randevou nan yon adrès ki toupre ou, ale sou sitwèb yo nan [www.identogo.com](http://www.identogo.com) oswa rele nimewo 877-472-6915. Pou pran randevou a, ou dwe itilize nimewo obligatwa ORI SecGuard.

→ *Sa pou pote nan Randevou a:* Ranpli Fòm Demann pou Sèvis Anprent Dijital Eta New York – Fòm Enfòmasyon (pdf) epi ALE avèk LI nan sant kote pou fè anprent dijital la.

→ *Prèyè ki montre ou te fè anprent dijital elektwonik lan:* Lè ou fini metòd pou fè anprent dijital la, vandè a ap ba ou de (2) resi kòm prèyè ki montre ou fè anprent dijital ou. Mete youn ansanm avèk aplikasyon ou. Patwon ou ta dwe konsève dezyèm kopi a.

**Tanpri Sonje:** Resi anprent dijital yo valab pou 5 mwa apre dat ou fè anprent dijital la. Tanpri soumèt aplikasyon orijinal la nan 5 mwa apre dat ou fè anprent dijital la. Si ou pa soumèt aplikasyon ou nan peryòd tan sa a w ap gen obligasyon pou fè pwosesis anprent dijital la ankò.

### Frè pou Anprent Dijital la:

Ou dwe peye tout frè pou anprent dijital la ba IdentoGo de IDEMIA.

- Frè pou Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl [Division of Criminal Justice Services (DCJS)]: \$75.00
- Frè pou FBI (Moun k ap aplike pou Lisans Ajan Sekirite swe peye frè pou FBI): \$12.00
- Frè ki anvigè ki anvigè pou peye Vandè Anprent Dijital (ka chanje nan mwa janvyè ak jiyè chak ane) Gade lyen "e-Fingerprinting" ki adwat anlè sou sitwèb [www.dos.ny.gov/licensing](http://www.dos.ny.gov/licensing).

### Fòm Peman ki Akseptab:

Ou dwe fè peman frè pou anprent dijital la sou fòm chèk, chèk postal (money order) oswa kat kredi sou non IdentoGo de IDEMIA.

**Nòt:** Frè pou anprent dijital la se yon diplis sou frè aplikasyon an.

### Tanpri li Avi FBI ki anba la yo konsènan

- **Aplikasyon an:** N ap itilize anprent dijital ou soumèt yo pou tcheke dosye istwa kriminèl FBI ou.
- Pwosedi pou jwenn yon kopi dosye istwa kriminèl endike nan Tit 28, Kòd Règleman Federal [Code of Federal Regulations (CFR)], Seksyon 16.30 jiska 16.33 oswa ale sou sitwèb FBI nan <http://www.fbi.gov/about-us/cjis/background-checks>.
- Pwosedi pou jwenn yon chanjman, koreksyon oswa modifikasyon yon dosye istwa kriminèl nan FBI endike nan Tit 28, Kòd Règleman Federal, Seksyon 16.34.

### Rapò konsènan Sipò Timoun

Yon Rapò konsènan Sipò Timoun obligatwa nan Eta New York (Lwa sou Obligasyon Jeneral) kit ou gen pitit kit ou pa genyen, oswa kit ou gen nenpòt obligasyon pou peye sipò kit ou pa genyen. **Si yon moun dwe kat (4) mwa oswa plis mwa nan aryere peman nan sipò timoun, nou ka sispann lisans biznis, lisans pwofesyonèl ak lisans chofè moun sa a.** Si ou fè espere pou bay yon fo deklarasyon alekri pou twonpe oswa dekouraje egzekisyon legal obligasyon pou peye sipò, ou ka tonbe anba pinisyon dapre §175.35 Lwa Penal. Si ou bay yon fo dokiman pou mete nan dosye ou nan yon ajans gouvènman leta oswa lokal avèk entansyon pou fè fwod, ou fè yon krim Klas E.

### NIMEWO SEKIRITE SOSYAL (AVI SOU KONFIDANSYALITE ENFÒMASYON PRIVE):

Depatman-Deta gen obligasyon pou pran nimewo Sekirite Sosyal federal ak nimewo Idantifikasyon Patwon pou tout lisans yo. Nou jwenn otorizasyon pou mande epi konsève enfòmasyon pèsònèl sa yo nan §5 Lwa Fiskal ak §3-503 Lwa sou Obligasyon Jeneral (General Obligations Law). Ou gen obligasyon pou bay enfòmasyon yo. Nou pran enfòmasyon yo pou pèmèt Depatman Taksasyon ak Finans (Department of Taxation and Finance) idantifye moun, biznis ak lòt moun ki anreta nan deklarasyon taks sou revni yo oswa ki te ka pa estime obligasyon fiskal yo ase epi anjeneral pou idantifye moun taks afekte ki anba kontwòl Manm Komisyon Taksasyon ak Finans. N ap itilize enfòmasyon yo pou administrasyon taks ak pou nenpòt lòt objektif ki otorize anba Lwa Fiskal (Tax Law), epitou ajans egzekisyon sipò timoun oswa reprezantan otorize eta sa a oswa lòt eta ka itilize enfòmasyon yo dapre Tit IV-D Lwa sou Sekirite Sosyal (Social Security Act), pou detèmine, modifiye oswa egzekite yon lòd sipò, men enfòmasyon yo p ap disponib pou piblik la. Yon eksplikasyon alekri obligatwa kote ou pa bay nimewo a. Direktè Administrasyon ak Jesyon ap konsève enfòmasyon sa yo nan Sistèm Enfòmasyon Livrezon Lisans nan adrès One Commerce Plaza, 99 Washington Avenue, Albany, NY 12231-0001.

Seksyon 89H Atik 7A egzije ou pou fè divizyon sa a konnen nenpòt chanjman nan adrès kay ou pou ou kapab resevwa avi pou renouvèlman yo ak lòt avi konsènan anrejistreman ou.

### ÈSKE OU TA RENMEN ENSKRI POU W KA VOTE?

Tanpri ale sou sitwèb Komite Eleksyon Eta New York (NY State Board of Elections) la nan [www.elections.ny.gov/votingregister.html](http://www.elections.ny.gov/votingregister.html) Oswa rele **1-800-FOR-VOTE** pou mande yon fòm Enskripsyon pou Vote nan Eta New York ( NYS Voter Registration form).

Pou enskri sou entènèt la, tanpri ale sou [www.ny.gov/services/register-vote](http://www.ny.gov/services/register-vote).

# Aviso de capacitación para guardia de seguridad

## Renuncias y/o exenciones de la capacitación obligatoria

### EGZIJANS POU FÒMASYON

Seksyon 89-G Atik 7A egzije tout moun k ap fè aktivite ajan sekirite pou yo anrejistre nan Depatman-Deta [Department of State (DOS)] Eta New York, epi pou yo swiv tout fòmasyon (sof si yo gen dispans) nan lekòl Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl [Division of Criminal Justice Services (DCJS)] apwouve. Kou fòmasyon ki endike anba la yo obligatwa:

#### Ajan Sekirite (san zam)

Egzijans pou Resevwa Premye Fòmasyon yo:

- **Fòmasyon pou Pre-Afektasyon pandan 8 Èdtan** – Yon kou entwodiksyon jeneral. Ou dwe patisipe nan kou sa a, epitou ou dwe soumèt yon kopi sètifika yo ba ou ansanm avèk aplikasyon pou ajan sekirite ou. Ou gen obligasyon pou pran kou sa a yon sèl fwa.
- **Fòmasyon nan Djòb [On-The-Job Training (OJT)] pandan 16 Èdtan** – Yon kou ki enpòtan pou responsablite ajan sekirite yo, egzijan espas travay, ak bezwen patwon an. Ou dwe patisipe nan fòmasyon sa a nan 90 jou travay ou kòm yon ajan sekirite.

Kondisyon pou Fòmasyon chak Ane:

- **Fòmasyon nan Sèvis Anyèl pandan 8 Èdtan** – Ou dwe patisipe nan kou sa a chak ane almannak ou gen yon anrejistreman ajan sekirite. Nou bay anrejistreman ou pou dezan, men, ou dwe patisipe nan kou Fòmasyon nan Sèvis la chak ane pandan 8 Èdtan nan anrejistreman ou ki anvigè ak dat ekspirasyon pou ou kalifye pou renouvèlman an.

#### Ajan Sekirite ki Gen Zam

Egzijans pou Premye Fòmasyon yo:

- **Fòmasyon pou Pre-Afektasyon pandan 8 Èdtan** – Yon kou entwodiksyon jeneral. Ou dwe patisipe nan kou sa a, epitou ou dwe soumèt yon kopi sètifika yo ba ou ansanm avèk aplikasyon pou ajan sekirite ou.
- **Fòmasyon nan Djòb [On-The-Job Training (OJT)] pandan 16 Èdtan** – Yon kou ki enpòtan pou responsablite ajan sekirite yo, egzijan espas travay, ak bezwen patwon an. Ou dwe patisipe nan fòmasyon sa a nan 90 jou travay ou kòm yon ajan sekirite.
- **Fòmasyon sou Zam-pou-Tire pandan 47 Èdtan** – Ou dwe posede yon Pèmi Valab pou Itilize Pistolè ak anrejistreman ajan sekirite ou pou enskri nan kou sa a. Lè ou patisipe nan kou sa a avèk sikse, soumèt yon kopi sètifika a ansanm avèk aplikasyon ou pou yon mizajou nan anrejistreman ajan sekirite ki gen zam..

Kondisyon pou Fòmasyon chak Ane:

- **Fòmasyon nan Sèvis Anyèl pandan 8 Èdtan** – Ou dwe patisipe nan kou sa a chak ane almannak ou gen yon anrejistreman ajan sekirite ki gen zam. Nou bay anrejistreman ou pou dezan, men, ou dwe patisipe nan kou Fòmasyon nan Sèvis la chak ane pandan 8 Èdtan nan anrejistreman ou ki anvigè ak dat ekspirasyon pou ou kalifye pou renouvèlman an; epi
- **Fòmasyon sou Zam-pou-Tire Chak Ane pandan 8 Èdtan** – Ou dwe patisipe nan kou sa a chak ane almannak ou gen yon anrejistreman ajan sekirite ki gen zam. Nou bay anrejistreman ou pou dezan, men, ou dwe patisipe nan kou Fòmasyon nan sou Zam-pou-Tire chak ane pandan 8 Èdtan nan anrejistreman ou ki anvigè ak dat ekspirasyon pou ou kalifye pou renouvèlman an.

**Egzanpsyon** – Ou ka renouvle aplikasyon pou yon egzansyon fòmasyon sou zam-pou-tire pou ajan sekirite ki pa gen zam ak ajan sekirite ki gen zam pou yon maksimòm dizan apre ou kite pòs travay lapolis ki prete sèman nan New York. **Pou ou kapab anrejistre, nou ka akòde ou yon egzansyon nan fòmasyon an si ou kapab montre ou te patisipe nan fòmasyon ki satisfè oswa depase estanda minimòm pou Pre-Afektasyon 8 Èdtan an, kou OJT oswa kou sou zam-pou-tire pandan 47 èdtan.** Pou mande yon egzansyon, kontakte DCJS dirèkteman nan nimewo (518) 457-6726, oswa ekri yo nan adrès 80 South Swan Street, 3<sup>rd</sup> Floor, Albany, NY 12210-8002. Si yo apwouve ou, DCJS ap voye yon lèt egzansyon ba ou pou soumèt ansanm avèk aplikasyon ajan sekirite ou ba DOS.

### EGZANPSYON (OU PA BEZWEN YON DISPANS NAN DCJS)

#### I. Ofisye Lapolis:

Lwa konsènan Ajan Sekirite (Security Guard Act) bay egzansyon pou ofisye lapolis **aktif** yo nan definisyon yon ajan sekirite. Sa vle di ofisye lapolis aktif ki aksepte yon dezyèm travay **pa** gen obligasyon pou anrejistre oswa pou patisipe nan fòmasyon an. Men, si ou se yon ofisye lapolis aktif, si ou pral pran retrèt ou, epi si ou toujou vle resevwa yon Anrejistre Ajan Sekirite, ou dwe bay prèv fòmasyon orijinal ofisye lapolis ou ak yon lòt bon repitasyon ki soti nan ajans ki anplwaye ou, ansanm avèk Aplikasyon Ajan Sekirite orijinal la ak resi anprent dijital la.

#### Ofisye Lapolis ki Retrete:

Pou ou kapab jwenn egzansyon nan fòmasyon an, ou dwe bay DOS yon lèt ki soti nan depatman ou (ki gen siyati depatman ou) ki endike dat ou pran retrèt la. Answit, sin ou gen obligasyon patwon ajan sekirite ou pou pote zam, oswa si ou gen otorizasyon pou gen aksè nan yon zam-pou-tire, ou dwe bay DOS ak patwon ou prèv ki endike ou te patisipe nan yon Kou Debaz pou Ofisye Lapolis (oswa yon kou ekivalan), ki te gen ladan premye fòmasyon sou zam-pou-tire, nan yon ane anvan ou antre nan travay la kòm yon ajan sekirite ki gen zam.

Si ou te patisipe nan premye fòmasyon sou zam-pou-tire depi plis pase yon ane anvan ou kòmanse travay kòm yon ajan sekirite ki gen zam, ou dwe patisipe nan yon Kou Chak Ane sou Zam-pou-Tire pandan 8 Èdtan pou Ajan Sekirite epitou ou dwe rapòte fòmasyon sa a ba DOS ak patwon ou.

- Si plis pase 10 zan te pase depi ou te pran retrèt ou kòm yon ofisye lapolis, ou gen yon lòt obligasyon pou patisipe nan yon Kou Fòmasyon nan Sèvis la Chak Ane pandan 8 Èdtan pou Ajan Sekirite chak ane apre.

## II. Ofisye pou Lapè:

Seksyon 170.1 Tit 19 NYCRR bay dispans nan definisyon yon ajan sekirite, nenpòt moun yo deziyen kòm yon ofisye pou lapè anba Atik 2 Lwa sou Pwosedi Kriminèl [Criminal Procedure Law (CPL)] Eta New York. Pouvwa yon ofisye pou lapè valab sèlman pandan moun nan ap aji nan konpetans ofisyèl li pou patwon prensipal li. Poutèt sa, pandan travay deyò (travay nan yon dezyèm djòb), yon ofisye pou lapè pa aji nan konpetans ofisyèl li ankò, epi, poutèt sa, li dwe anrejistre ak patisipe nan tout kou fòmasyon yo, (sof si moun nan swa te gen yon dispans, oswa yon egzanpsyon [dapre tit sèten tit djòb] (gade **Dènye Amanman yo ki gen yon efè dirèk sou ou**, anba la a).

### Ofisye pou Lapè ki Aplike pou Dispans nan Fòmasyon sou Zam-pou-Tire nan Moman an

Si patwon ou ba ou otorizasyon pou gen yon zam-pou-tire pou fè djòb ou, epi si ou te anplwaye ou pandan 18 mwa oswa plis epitou si ou kapab montre yon sètifika ki valab, ou gen dispans nan Kou sou Zam-pou-Tire pandan 47 Èdtan yo, ak lòt Kou sou Zam-pou-Tire Chak Ane pandan 8 Èdtan pou moun anrejistre kòm ajan sekirite ki gen zam. Moun k ap chèche resevwa anrejistremant kòm yon ajan sekirite ki gen zam, dwe bay Depatman-Deta yon kopi lèt dispans yo (yo ba li nan DCJS) ak yon sètifika patisipasyon pou Kou Debaz MPTC pou Ofisye pou Lapè ki Gen Zam-pou-Tire, oswa alafwa Kou Debaz pou Ofisye pou Lapè san Zam-pou-Tire ak Zam-pou-Tire ak Fòs Fizik Fatal [kou sou zam-pou-tire ki long].

### Dènye Amanman ki ka gen yon efè dirèk sou ou:

Yo te fè amanman nan seksyon 89-n (4) GBL pou bay dispans pou sèten kategori ofisye pou lapès (gade **Kategori Ofisye pou Lapè ki Jwenn Dispans nan Fòmasyon an dapre Amanman ki fèt nan §89-n (4) GBL**, paj apre a) nan fòmasyon ki endike anba la a: Kou sou Zam-pou-Tire pandan 47 Èdtan, Pre-Afektasyon pandan Èdtan, OJT, ak Fòmasyon nan Sèvis la pandan 8 Èdtan. Pou kalifye pou yon egzanpsyon, yon ofisye pou lapè dwe swa anplwaye nan youn nan tit djòb yo (gade **kategori Ofisye pou Lapè ki Jwenn Dispans nan Fòmasyon an dapre Amanman ki fèt nan §89-n (4) GBL**, paj apre a), oswa ki retirete nan youn nan tit djòb yo ki pa depase 10 zan. Menmsi ofisye pou lapè ki retirete a jwenn dispans nan kou fòmasyon nan Sèvis la Chak Ane pandan 8 Èdtan pandan premye 10 zan retrèt li, li ka gen obligasyon pou patisipe nan youn kou fòmasyon sou Zam-pou-Tire pandan 8 Èdtan Chak Ane, si li te patisipe nan kou debaz li depi plis pase yon ane anvan li ranpli aplikasyon li pou ajan sekirite a.

**Nòt:** Si plis pase 10 zan pase depi youn moun te pran retrèt li kòm yon ofisye pou lapè, moun sa a gen obligasyon pou patisipe nan Kou Fòmasyon nan Sèvis la Chak Ane pandan 8 Èdtan pou Ajan Sekirite, epi answit, si li pote za, li dwe swiv Kou Fòmasyon sou Zam-pou-Tire Chak Ane pandan 8 Èdtan chak ane apre.

### Kategori Ofisye pou Lapè ki Jwenn Dispans nan Fòmasyon dapre Amanman ki fèt nan §89-n (4) GBL

**A. Cherif, Sou-Cherif, ak Cherif Adjwen Vil New York, ak ofisye Depatman Sèvis Sekirite Piblik Konte Westchester ki sèman, jan sa defini nan NYS CPL, §2.10 (2):** Pou moun yo kapab jwenn dispans nan Kou Fòmasyon sou Zam-pou-Tire pandan 47 Èdtan, Fòmasyon sou Pre-Afektasyon pandan 8 Èdtan, OJT, ak Fòmasyon nan Sèvis la Chak Ane, moun yo dwe bay Depatman-Deta swa yon kopi sètifika Kou Debaz Ofisye pou Lapè yo, oswa yon lèt ki soti nan biwo sèvis pèsònèl ajans yo travay oswa te travay pou li a. Lèt la dwe endike fòmasyon debaz ofisye pou lapè a. Si yo anplwaye nan moman an, yo dwe bay tou yon kopi kat ID yo ki montre travay yo nan moman an nan youn nan kategori lapolis ki apwopriye, epitou yo dwe gen bon repitasyon.

### B. Pèsònèl Sekirite pou Triborough Bridge ak Tunnel Authority jan sa defini nan NYS CPL, §2.10 (20):

Pou moun yo kapab jwenn dispans nan Kou Fòmasyon sou Zam-pou-Tire pandan 47 Èdtan, Fòmasyon sou Pre-Afektasyon pandan 8 Èdtan, OJT, ak Fòmasyon nan Sèvis la Chak Ane, moun yo dwe bay Depatman-Deta swa yon kopi sètifika Kou Debaz Ofisye pou Lapè yo, oswa yon lèt ki soti nan biwo sèvis pèsònèl ajans yo travay oswa te travay pou li a. Lèt la dwe endike fòmasyon debaz ofisye pou lapè a. Si yo anplwaye nan moman an, yo dwe bay tou yon kopi kat ID yo ki montre travay yo nan moman an nan youn nan kategori lapolis ki apwopriye, epitou yo dwe gen bon repitasyon.

**C. Ofisye Tribinal ki Gen Inifòm jan sa defini nan NYS CPL, §2.10 (21)(a):** Pou moun yo kapab jwenn dispans nan Kou Fòmasyon sou Zam-pou-Tire pandan 47 Èdtan, Fòmasyon sou Pre-Afektasyon pandan 8 Èdtan, OJT, ak Fòmasyon nan Sèvis la Chak Ane, moun yo dwe bay Depatman-Deta swa yon kopi sètifika Kou Debaz Ofisye pou Lapè yo, oswa yon lèt ki soti nan akademi an ki endike fòmasyon yo nan akademi an. Kou sa yo dwe satisfè oswa depase kou debaz MPTC san zam-pou-tire. Answit, si moun nan gen zam nan pòs travay li ye a, moun nan te dwe patisipe nan Kou Debaz MPTC pou Ofisye pou Lapè ki gen Zam-pou-Tire oswa alafwa Kou Debaz pou Ofisye pou Lapè san Zam-pou-Tire ak Zam-pou-Tire ak Fòs Fizik Fatal [kou sou zam-pou-tire ki long]. Si moun nan ap travay nan moman an, li dwe bay tou yon kopi kat ID li ki montre travay li nan moman, epitou li dwe gen bon repitasyon.

**D. Grefye Tribinal jan sa defini nan NYS CPL, §2.10 (21)(b):** Pou moun yo kapab jwenn dispans nan Kou Fòmasyon sou Zam-pou-Tire pandan 47 Èdtan, Fòmasyon sou Pre-Afektasyon pandan 8 Èdtan, OJT, ak Fòmasyon nan Sèvis la Chak Ane, moun yo dwe bay Depatman-Deta swa yon kopi sètifika Kou Debaz Ofisye pou Lapè yo, oswa yon lèt ki soti nan akademi an ki endike fòmasyon yo nan akademi an. Kou sa yo dwe satisfè oswa depase kou debaz MPTC san zam-pou-tire. Answit, si moun nan gen zam nan pòs travay li ye a, moun nan te dwe patisipe nan Kou Debaz MPTC pou Ofisye pou Lapè ki gen Zam-pou-Tire oswa alafwa Kou Debaz pou Ofisye pou Lapè san Zam-pou-Tire ak Zam-pou-Tire ak Fòs Fizik Fatal [kou sou zam-pou-tire ki long]. Si moun nan ap travay nan moman an, li dwe bay tou yon kopi kat ID li ki montre travay li nan moman, epitou li dwe gen bon repitasyon.

**E. Ofisye Koreksyon Eta New York jan sa defini nan NYS CPL, §2.10 (25):** (Sa pa gen ofisye koreksyon vil oswa konte ladan.) Pou moun yo kapab jwenn dispans nan Kou Fòmasyon sou Zam-pou-Tire pandan 47 Èdtan, Fòmasyon nan Pre-Afektasyon pandan 8 Èdtan, OJT, ak Fòmasyon nan Sèvis la Chak ane, moun yo dwe bay Depatman-Deta yon lèt ki soti nan Depatman Sèvis Koreksyonèl Eta New York ak yon kopi kat ID yo ki montre y ap travay nan moman an kòm yon ofisye Koreksyon Eta New York ki gen bon repitasyon.

**Nòt:** Moun ki pa ofisye pou lapè aktif ankò epi ki pa gen yon sètifika kou debaz ki valab, oswa ki pa kalifye pou swa yon dispans oswa yon egzanpsyon, dwe patisipe nan Kou Fòmasyon sou Zam-pou-Tire pandan 47 Èdtan, Fòmasyon nan Pre-Afektasyon pandan 8 Èdtan, ak OJT.



## Division of Licensing Services

New York State  
Department of State  
Division of Licensing Services  
P.O. Box 22052  
Albany, NY 12201-2052  
Sèvis Kliyantèl: (518) 474-7569

### Deklarasyon Anplwaye ak Aplikasyon pou Ajan Sekirite

**FRÈ \$36**

#### ENFÒMASYON SOU MOUN KI APLIKE A

Tanpri TAPE tout repons yo oswa EKRI YO AN LÈT DETACHE.

**APLIKASYON KÒM** (*Tcheke yon SÈL*):

 **Ajan Sekirite**
 **Ajan Sekirite ki Gen Zam**

#### Non Moun ki Aplike a:

NON FANMI

PRENON

DEZYÈM PRENON

ADRÈS KAY (*Obligatwa – Ou ka mete Bwat Postal ou pou asire livrezon*)

APATMAN / INITE / BWAT POSTAL:

VIL

ETA

KÒD POSTAL +4 CHIF

KONTE (*Antrè li sèlman si li nan Eta New York*)

NIMEWO TELEFÒN MOUN K AP APLIKE A

ADRÈS IMÈL

#### Nimewo Sekirite Sosyal:

(\**Obligatwa – Gade Avi sou Konfidansyalite Enfòmasyon Prive*)

#### Dat Ou Fèt:

(*Ou dwe gen omwen laj 18 tan pou aplike*)

#### Nimewo ID DMV Eta New York:

#### KESYON DEBAZ

Reponn kesyon ki anba la yo. Pou fè sa koche kaz apwopriye a.

- Èske ou se yon ajan pou lapè ki aktif oswa ki nan retrèt? **SI OU REPONN "WI"**,  
→ Lea el Aviso de capacitación de guardia de seguridad con esta solicitud a menos que lo haya enviado  
→ **SI** ou kalifye pou yon dispans, ou dwe soumèt dokiman ki dekri nan Avètisman an.  
Si ou PA kalifye, ou dwe soumèt sètifika fòmasyon yo.  AKTIF  RETRETE
- Èske ou se yon ofisyè lapolis ki aktif oswa ki nan retrèt? **SI OU REPONN "WI"**,  
→ Tanpri li Avètisman sou Fòmasyon Ajan Sekirite ki tache a.  
→ **SI** ou kalifye pou yon dispans, ou dwe soumèt dokiman ki dekri nan Avètisman an.  
Si ou PA kalifye, ou dwe soumèt sètifika fòmasyon yo.  AKTIF  RETRETE
- Èske ou se yon sitwayen Etazini oswa yon etranje rezidan Etazini epi ki posede yon grinkat ki valab?  
→ **SI RESPONDE "NO"**, debe enviar una explicación.  WI  NON
- ¿Alguna vez se le ha revocado, suspendido o denegado una licencia o permiso que se le haya emitido a usted o a una empresa en la que usted es o fue director en el Estado de Nueva York o en algún otro lugar?  
→ **SI OU REPONN "NON,"** ou dwe soumèt yon eksplikasyon.  WI  NON
- Èske ou yon tribinal ki gen jiridiksyon konpetan, yon ofisyè odyans administratif, yon jij lwa administratif, yon abit, yon komite abitraj oswa lòt tribinal ki tribinal yo fòme kòm sadwa, te jwenn retire ou nan yon ajans koreksyonèl oswa ajans lapolis pou enkonpetans oswa move konduit, oswa èske ou te bay demisyon ou nan yon ajans pandan ou te yo akize ou pou move konduit oswa enkonpetans?  
→ **SI OU REPONN "WI,"** ou dwe soumèt yon eksplikasyon oswa ou dwe mande yon dispans.  WI  NON
- Èske ou te janm aplike nan eta sa a pou yon anrejistreman/lisans kòm yon ajan sekirite?  
→ **SI OU REPONN "WI,"** tanpri bay nimewo lisans lan.  WI  NON  
→ **SI OU REPONN "WI,"** ou pa bezwen rebran kou fòmasyon pre-afektasyon pou 8 èdtan an.

## RAPÒ KONSÈNAN SIPÒ TIMOUN

Depi mwen siyen aplikasyon sa a, mwen konfime apati dat ki nan aplikasyon sa a, mwen pa anba yon obligasyon pou peye sipò timoun OSWA si mwen anba yon obligasyon pou peye sipò timoun, mwen pa anreta depi kat (4) mwa oswa plis mwa nan aryere nan peman sipò timoun, oswa m ap fè peman dapre egzekisyon sou revni oswa dapre plan peman oswa plan ranbousman tribinal egzije oswa dapre plan toulède moun ki konsène yo dakò oswa obligasyon mwen pou peye sipò timoun ka depannde yon pwosedi tribinal ki annatant, oswa m ap resevwa èd piblik oswa revni sekirite sipleman tè.

## ISTWA KRIMINÈL

Depatman-Deta ap resevwa epi revize enfòmasyon sou nenpòt arestasyon oswa kondanasyon. Si ou gen akizasyon ki pandye tou tèt ou oswa si lajistis te kondane ou anvan, tanpri bay yon deklarasyon ki eksplike menm bagay la ak kopi dènye dosye ou te resevwa nan tribinal kriminel la.

**Yon aplikasyon ou ranpli dwe gen ladan:** (*Itilize lis sa a ki gen tout sa pou bay la pou asire ou mete/satisfè tout kondisyon yo.*)

Aplikasyon ou ranpli ak siyen an;

Resi ki bay prèv yon vandè apwouve te fè anprent elektwonik ou;

Frè aplikasyon \$36.00 dola non-ranbousab ou dwe peye pa Depatman-Deta Eta New York;

Yon kopi sètifika fòmasyon pre-afektasyon sou 8 èdtan;

Nenpòt lòt dokiman nou mande ou kòm repons pou sèten kesyon ki sou fòm aplikasyon an;

Se patwon ou ki dwe ranpli seksyon Avi Travay la si travay ou pral kòmanse pandan w ap ranpli aplikasyon ou;

Si w ap aplike pou yon anrejistreman ajan sekirite ki gen zam, ou dwe bay yon sètifika patisipasyon nan yon kou pandan 47 èdtan sou fòmasyon pou zam-pou-tire, oswa yon kopi dispans lan Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Services) te bay (si ou gen egzansyon pou sa – tanpri gade Avètisman sou Fòmasyon Ajan Sekirite)

**Nòt:** Patwon ajan sekirite yo ta dwe konsève yon kopi chak dokiman ki endike anwo a nan dosye anplwaye pou chak ajan sekirite.

## KONFIMASYON MOUN KI APLIKE A

Mwen konfime, anba menas sanksyon pou fo temwayaj, deklarasyon mwen fè yo nan aplikasyon sa a se deklarasyon ki vrè ak kòrèk. Answit, mwen konfime mwen li epi konprann dispozisyon Atik 7A Lwa Jeneral sou Biznis ak règ ak règleman yo pibliye annapre.

Answit, mwen bay Depatman-Deta Eta New York ak Depatman Veyikil-a-Motè Eta New York otorizasyon pou fè yon kat ID ki gen foto DMV mwen sou li. Mwen rekonèt DOS ak DMV ap itilize foto DMV mwen pou fè tout kat apre yo pandan tout tan mwen konsève lisans mwen avèk Depatman-Deta.

**X**

Siyati Moun ki Aplike a

Dat Siyati a

Ekri Non an Lèt Detache:

## AVI TRAVAY

Si travay la pral kòmanse pandan w ap ranpli aplikasyon ou, se patwon ou ki DWE ranpli seksyon sa a.

DAT ANBOCHAJ LA:

NIMEWO TRANZAKSYON:

DAT TRANZAKSYON:

NON AJAN SEKIRITE A:

NIMEWO SEKIRITE SOSYAL AJAN SEKIRITE A:

UID PATWON AN:

NON BIZNIS PATWON AN:

Mwen, (*Tanpri Ekri Non ou an Lèt Detache*), sèman epi mwen konfime mwen se reprezantan pou konpayi ki idantifye kòm patwon an epi mwen te verifiye deklarasyon anplwaye a te fè yo, epitou mwen te vin dekouvri deklarasyon sa yo vrè ak kòrèk dapre tout sa mwen konnen. Answit, dapre verifikasyon mwen fè sou deklarasyon sa yo, mwen konfime mwen jwenn anplwaye ki endike la a kalifye pou travay anba dispozisyon Atik 7 ak 7-A Lwa Jeneral sou Biznis (General Business Law).

**X**

Siyati Patwon an

Dat Siyati a